ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКI

№97 (23.505) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 26, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и Iэтащхьэр Налшык къалэ округым и унафэщIхэм яхуэзэри епсэлъащ республикэм и къалащхьэм и гъэзэгуэр егъэфIэкIуэнымрэ ахэр зэгъэпэщыжынымрэ теухуауэ

**КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ Налшык къа-лэ округым и унафэщIхэр хэту иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и къалащхьэм и гъэзэгуэхэр егъэфIэкIуэнымрэ зэгъэпэщыжынымрэ теухуауэ зэIущIэ.**

АБЫ къалэну щагъэуващ Калюжнэм, Iуащхьэмахуэ, Комаровым, Щэрданым я цIыкIэ щыIэ уэрамхэр зэгъэпэщыжынымрэ 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м, Мэлбахъуэм и уэрамым хиубыдэу трахыжа лъэмыжым и пIэкIэ яукъуэдий автомобиль гъуэгущIэр ухуэнырэ щыщхьэуIум и 1-м яухын хуейуэ. Абыхэм япкъ иткIэ къыхалъхьа проектхэм Iэмал кърат транспортыр, цIыхухэр зекIуэнымкIэ пIалъэкIэ щыIэ гугъуехьхэр нэхъ псынщIэу къызэнэкIынымкIэ.

Хэхауэ тепсэлъыхьащ гъуэгухэм шынагъэншагъэ къыщызэгъэпэщынымрэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм я фIагъыр къэIэтынымрэ. Зыхуэфащэ Iуэхущ Iапlэхэм я пщэ ираIъхьащ лэжьыгъэхэр щекIуэкI щIыпlэхэр зэIуэпэщ ящIыну, жыгхэр щыхасэну.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.*

## КIуэкIуэ Ю. А. Къэбэрдей-Балъкъэрым и школакIуэхэм Иужьрей Узэджынэмкlэ ехъуэхъуащ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. инстаграмым щIэ нэпкIуэщIым республикэм и школхэр къэзыухъуэм Иужьрей Узэджынэмкlэ щехъуэхъуащ.**

«ЕДЖЭНЫР зыух ныбжьыщIэ лъапIэхэ! Школым къыщыщIкI махуэр дэтхэнэ зым и дежкIи гуфIэгъуэщ, абы къыдэкIуэу тIэкIуи нэщхьеигъуэщ. Абы школым щыщIэса илъэсхэр дэтхэнэми игу къеГъэкIыж, къэкIуэнум иregъэгупсыс. Ар щхьэусыгъуэ хъарзынэщ текIуэныгъэри гугъуехьхэри къыбдагуэшу илъэс пщыкIуэкIэ къыббгъэдэта егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэмрэ фIыщIэ яхуэпщIын папщIэ. Адэкlэ экзаменхэр ят, Iэщlагъэ къыхах, балигъ гъащIэм хохьэ. Фэр папщIэ сыт хуэдэ гъэгури зэIухащ. Си гуапэу сыныводхъуэхъу екъулIэныгъэхэр фиIэну, фи мурадхэмрэ плъапIэхэмрэ къывзэхъулIэну», - къыщыгъэлъэгъуащ хъуэхъум.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуэхьэзырщ километри 100 хуэдиз хъу гъущI гъэзгур зэриухуэнум

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий Iэ щIидзащ республикэм и ЩIыналъэ планхэм я схемэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэзылъхьэ унафэм. Абы къыщыгъэлъэгъуащ ди республикэм и дежкIэ екъэжьауэ щыт проектыр гъэзэщIэн, Солдатскэ станицэм къыщегъэжьауэ Тырныауэ къалэм нэс кIуэ гъущI гъэзгур ухуэн зэрыщIадзэр. Километр 95-рэ зи кIыхьагъ а гъуэзгур Прохладнэ, Бахъсэн, Iуащхьэмахуэ районхэм я жылагъуэхэм дэкIынущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.*

**Къамбий М. А. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и Iэхэ кIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ езым и щхьэкIэ куэд зэрыхищIыхьам къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIи фIыщIэм папщIэ» орденыр етын Къамбий Мухьэб Алим и къуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм накъыгъэм и 25-м*
*№83-УГ*

Къамбий Мухьэб Алим и къуэр КъБАССР-м щыщ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм 1923 гъэм накъыгъэм и 25-м къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм хэтащ. Абы къикIыжа нэужь 1946 гъэм къыщыщIэдзауэ 1987 гъэ пщIондэ щылэжьащ Къармэхьэблэ дэт курыт школым, япэщIыкIэ егъэджакIуэу, иужькIэ абы и унафэщIу. А зэманым курыт еджапIэр щIыналъэм щынэхъыфIхэм хабжэ хъуауэ щытащ. 1997 гъэм а еджапIэм фIащащ Къамбий М. А. и цIэр.

ЩIэблэр егъэджэным хуиIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкlэ Мухьэб Алим и къуэм къыфIащащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэр икIи Лениным и орденри къратауэ щытащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэщ, СССР-м и вет-инджылыз дзэ зэгурыIуэныгъэм.

♦**1945 гъэм** СССР-м унафэ къыщащтащ и промышленностыр мамыр псэукIэм зэрытраухуэ-жым и Iэхуэкlэ.

♦**1947 гъэм** цIыхум и хьэкумыр укIкIэ щащIэну зэрыхуимытым теухуа унафэ СССР-м къыщащтащ. 1950 гъэм а унафэр якъутэжауэ щытащ.

♦**1991 гъэм** Гамсахурдие Звиад Куржы Республикэм и япэ президенту хахащ.

♦**1995 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академиер (КъБКъМА-р) къызэIуахащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетщ.

♦Археолог, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Лениным и цIэр зезыхьэу щыта саугъэтым и лауреат, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Крупнов Евгений** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щэрдан Iэбу** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткъ **Варум Анжеликэ** (и цIэ дыдэр Мариещ) и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм гradус 13 - 15, жэщым гradуси 8 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**НОБЭ**

♦**Химикым и махуэщ**
♦**Урысей хьэрычэтыщIэм и махуэщ**
♦**Урысей шууейм и махуэщ**
♦**Польшэм щагъэлъапIэ Анэм и махуэр**
♦**Куржым и лъэпкъ махуэшхуэ нэхъыщхьэщ - щхьэхуитныгъэм и махуэщ**
♦**1896 гъэм** Урысейм и пащтых тажьир щхьэрагIэгъащ Николай ЕтIуанэм - иужьрей урысей императорым.
♦**1918 гъэм** Кавказ ЩIыб Федерацэр зэхэкIащ Куржы, Армение, Азербайджан республикэ щхьэхуитхэу.
♦**1928 гъэм** ФИФА-м и зэIущIэм унафэ къыщащтащ илъэсиплI къэс зэ футболыкIэ дунейпсо зэпеуэ егъэкIуэкIыным теухуауэ.
♦**1942 гъэм** Iэ традзащ соныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Крупнов Евгений** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткъ **Варум Анжеликэ** (и цIэ дыдэр Мариещ) и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щэрдан Iэбу** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткъ **Варум Анжеликэ** (и цIэ дыдэр Мариещ) и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм гradус 13 - 15, жэщым гradуси 8 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iуащыгъэ:**

**Дэтхэнэ зы Iуэхутхьэбзэми бзыпхъэ нIэщ.**

## Урысей Федерацэм и Правительствэм и деж щыIэ аналитикэ центрым кыгъэзэщащ УФ-м и субъектхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIагъым и рейтингыр. Абы ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым 34-нэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым яIэ дыдэр щIыгъщ

Рейтингыр тращIыхьащ «Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэмкIэ къыщэрагъэпэщын папщIэ товархэр, лэжьыгъэхэр, Iуэхутхьэбзэхэр къэщэхуныкIэ контракт системэм и Iуэхукlэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ закон №44-ФЗ-р гъэзэщIэным и лъэныкъуэкIэ УФ-м и субъектхэмрэ муниципалитетхэмрэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэу хэIущIыIу ящIахэм япкъ иткIэ.

| Рейтинг зэгуэтым щIыгъ увыIэр | УФ-м и субъектыр - лэжьыгъэм и фIагъымкIэ индексыр | Псори зэхэту къащхун хуеям щыщу къащэхуар процентIкIэ (и уасэм тещIыхьауэ) |
|---|---|---|
| 1 | Ярославль область - 65,81 | 0,77 |
| 2 | Кемеровскэ область - 59,31 | 1,29 |
| 3 | Тюмень область - 56,24 | 1,51 |
| 4 | Санкт-Петербург - 55,92 | 5,28 |
| 5 | Мурманскэ область - 55,76 | 0,52 |
| 6 | Хабаровскэ край - 55,65 | 1,03 |
| 7 | Липецкэ область - 55,53 | 0,71 |
| 8 | Ханты-Мансийскэ АО - 55,24 | 2,17 |
| 9 | Кировскэ область - 55,02 | 0,78 |
| 10 | Пермскэ край - 54,75 | 1,89 |
| 11 | Калужскэ область - 54,01 | 0,62 |
| 12 | Свердловскэ область - 53,38 | 2.37 |
| 13 | Иркутскэ область - 53,20 | 1,47 |
| 14 | Новосибирскэ облаcть - 52,64 | 1,33 |
| 15 | Саратовскэ область - 52,50 | 1,29 |
| 16 | Башкортостан Республикэ - 52,16 | 1,99 |
| 17 | Ненецкэ АО - 52,09 | 0,27 |
| 18 | Москва - 50,81 | 16,00 |
| 19 | Алтай край - 50,53 | 0,96 |
| 20 | Владимирскэ область - 49,95 | 0,63 |
| 21 | Тамбовскэ облаcть - 49,83 | 0,53 |
| 22 | Коми Республикэ - 49,51 | 0,63 |
| 23 | Омскэ область - 49,39 | 0,89 |
| 24 | Севастополь - 48,93 | 0,21 |
| 25 | Челябинскэ область - 48,31 | 1,48 |
| 26 | Ивановскэ область - 48,05 | 0,52 |
| 27 | Ульяновскэ область - 47,82 | 0,73 |
| 28 | Воронежскэ облаcть - 47,69 | 0,98 |
| 29 | Москва область - 47,63 | 5,43 |
| 30 | Ростов область - 47,60 | 2,01 |
| 31 | Калининградскэ область - 47,49 | 0,98 |
| 32 | Самарэ область - 47,38 | 1,81 |
| 33 | Оренбургскэ область - 47,05 | 0,95 |
| 34 | Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - 46,18 | 0,31 |
| 35 | Астраханскэ область - 46,12 | 0,36 |
| 36 | Томскэ область - 45,99 | 0,60 |
| 37 | Ямало-Ненецкэ АО - 45,98 | 1,11 |
| 38 | Рязанскэ область - 45,91 | 0,57 |
| 39 | Приморскэ край - 45,82 | 1,46 |
| 40 | Чуваш Республикэ - 44,93 | 0,74 |
| 41 | Тэтэрстан Республикэ - 44,83 | 2,50 |
| 42 | Тверь область - 44,60 | 0,58 |
| 43 | Тыва Республикэ - 44,57 | 0,23 |
| 44 | Удмурт Республикэ - 44,40 | 1,11 |
| 45 | Кърым Республикэ - 44,33 | 0,55 |
| 46 | Смоленскэ область - 44,11 | 0,70 |
| 47 | Орловскэ область - 43,54 | 0,38 |
| 48 | Карелие Республикэ - 42,38 | 0,56 |
| 49 | Камчатскэ край - 42,29 | 0,64 |
| 50 | Архангельскэ область - 41,94 | 1,02 |
| 51 | Краснодар край - 41,14 | 2,33 |
| 52 | Тульскэ область - 40,97 | 0,88 |
| 53 | Ленинградскэ область - 40,95 | 1,56 |
| 54 | Марий Эл Республикэ - 40,90 | 0,30 |
| 55 | Курскэ область - 40,17 | 0,37 |
| 56 | Нижегородскэ область - 39,18 | 2,03 |
| 57 | Псковскэ область - 38,44 | 0,57 |
| 58 | Пензенскэ область - 38,35 | 0,48 |
| 59 | Волгоград область - 38,01 | 1,16 |
| 60 | Журт АО - 37,75 | 0,10 |
| 61 | Сахалин область - 37,23 | 1,68 |
| 62 | Хакасие Республикэ - 37,04 | 0,49 |
| 63 | Курганскэ область - 37,02 | 0,53 |
| 64 | Адыгэ Республикэ - 36,78 | 0,19 |
| 65 | Мордовие Республикэ - 36,74 | 0,72 |
| 66 | Брянскэ область - 36,59 | 0,41 |
| 67 | Красноярскэ край - 36,54 | 3,20 |
| 68 | Ставрополь край - 36,51 | 1,30 |
| 69 | Амурскэ облаcть - 36,18 | 0,45 |
| 70 | Забайкальскэ край - 35,76 | 0,59 |
| 71 | Кострома область - 33,54 | 0,32 |
| 72 | Алтай Республикэ - 33,09 | 0,14 |
| 73 | Бурятие Республикэ - 32,72 | 0,47 |
| 74 | Магадан область - 32,31 | 0,24 |
| 75 | Новгородскэ область - 32,09 | 0,27 |
| 76 | Волгограднскэ область - 31,74 | 0,69 |
| 77 | Белгородскэ область - 31,71 | 0,81 |
| 78 | Ингуш Республикэ - 31,70 | 0,34 |
| 79 | Саха (Якутие) Республикэ - 27,67 | 1,68 |
| 80 | Шэшэн Республикэ - 27,47 | 0,61 |
| 81 | Чукотскэ АО - 26,88 | 0,28 |
| 82 | Дагъыстэн Республикэ - 22,73 | 0,75 |
| 83 | Осетие Иныхъэрэ - Алание Республикэ - 18,95 | 0,28 |
| 84 | Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ - 18,23 | 0,17 |
| 85 | Къалмыкъ Республикэ - 16,87 | - |

● Школ хъыбархэр

# Балигъ гъащIэм ухэзышэ уэзджынэ

**Иужьрей узэджынэм и махуэшхуэр щIэIэт, «Гъуэгу махуэ, къэкIуэнур зей ныбжьыщIэхэ!» къыхуеджэныгъэм щIэт гуфIэгъуэ зэIущIэхэр, ди къэралым и дзэ щыпIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми щызэхэщащ дыгъуасэ, Шэджэм щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ КIарэ Элинэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, а махуэшхуэм епха дауэдапщэхэр районым къызыхуэтыншэу щекIуэкIащ.**

УЭЗДЖЫНЭР зууэ къахуеуащ щIыпIэм и ныбжьыщIэ 862-м. Абыхэм ящыщу курыт школым и 11-нэ классыр къаух ныбжьыщIэ 270-м, адрей 592-м 9-нэ классыр къызэранэкIауэ аращ.

ГуфIэгъуэ зэхуэсым зыкъырагъэхьэлIащ Шэджэм щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **ТекIуэшэ Артур**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Хочуев Рэмэзан**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI **Мыз Маринэ**, Шэджэм район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщI **Iэрыпщэ Жаннэ**, ЩхьэлыкIуэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къунижь Хьэчим**, КъБКъУ-м и Школ академие щIыкIуэм и унафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Иренэ**, егъэджакIуэхэм я профсоюзым и щIыпIэ къудамэм и пашэ **Щад Аджэрий** сымэ. ХьэщIэ лъапIэхэр хэтащ ЩхьэлыкIуэ жылэм дэт курыт школ №1-м щекIуэкIа дауэдапщэм.

Къызэхуэсахэм, псом хуэмыдэу, школыр къэзыух ныбжьыщIэхэм, гуапэу захуигъэзащ ТекIуэшэ Артур. Балигъ гъащIэм хэуэ сабийхэм я мурад псори къайхъулIэну екъуэхъуащ ар.

- НыбжьыщIэ лъапIэхэ! Нобэ фэ къыфхуоуэ балигъ гъащIэм фыкъэшыщэ узэджынэр. Сынывохъуэхъу ар угъурлыуэ къыфхущIэкIыну, фи гум илъ мурадыфI куэдым щIэдзапIэ дахэ яхуэхъуну, - жиIащ ТекIуэшэм. - ФIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ фи егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэми. Абыхэм ялъэкI къагъэнакъым мыпхуэдэу, щIэныгъэ нэсри гъэсэныгъэ екIуэрэ фхэлъу, нобэ мы утыкушхуэм фыкъыхьэн папщIэ.

НыбжьыщIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ школым и унафэщIым, егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм, езанэ классыр мы гъэм къэзыух цIыкIухэм.

- Фи гъащIэр зытевхуэну унэтIныныгъэхэр, дауи, фубзыхуа къыщIэкIынщ, - къэхигъэщащ Жанатаев Сэлим, ныбжьыщIэхэм защыхуигъаазэм. - Къыфпэщылъ къэрал къэпщытэныгъэхэм ехъулIэныгъэкIэ фапэлъэщыну, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр къызэрыфцыгугъыу факъыхущIэкIыну си гуапэщ. Фыщеджа школыр, жылэр, ЩэджэмщIыналъэр псори фэркIэ гушхуэну сохъуахъуэ!

Школыр къызыухэми я егъэджакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ къыбгъэдалъхьа щIэныгъэм папщIэ, къыхуаIа шыIэныгъэмрэ лъагъуныгъэмрэ щхьэкIэ.

Иужьрей узэджынэр кърагъэуэну пщIэ зыхуащIахэм ящыщт курыт школыр фIы дыдэу къэзыух Куэшмэн Исльамрэ 1-нэ классым и еджакIуэ Къунижь Арианэрэ. ИтIанэ ныбжьыщIэхэм узэгум яутIыпщащ шар гъэпща зэмыфэгъуэхэр, сабиигъуэм зэрыпыкIым и нэщэнэу.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

Иужьрей узэджынэм и махуэшхуэр щаIэт гуфIэгъуэ зэхуэсхэр щызэхэтащ республикэм и къалэ, къуажэ псоми.

## Ольмезов Абдул-Хьэлим и текIуэныгъэр Кулиев Къайсын илъэси 100 зэрырикъум хуигъэпсащ

**ТIэунейрэ Эверест дэкIа, КъБР-м альпинизмэмкIэ, спорт туризмэмкIэ, къуршым дэкIыныкIэ и федерацэм и президент Ольмезов Абдул-Хьэлим Непалым къикIыжри иджыблагъэ Налшык къэкIуэжащ. Ар яхэтащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ Мерэ бгым (метр 6476-рэ) дэкIаxэм.**

IУАЩХЬЭМАХУЭ щIыналъэм альпинист цIэрыIуэм къыщыпежьащ районым и цIыху пашэхэр, предприятэхэмрэ Iуэхущ Iапlэхэмрэ я унафэщIхэр, къуажэ Iэтащхьэхэр, Урысейм и МЧС-м Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ и къегъэлакIуэ отрядым хэтхэр, школхэм я еджакIуэхэр.

Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Залиханов Къанщобий альпинист хахуэр фIэхъус псалъэхэмкIэ иригъэблагъэжащ икIи абы фэпелъ тыгъэхэр хуищIащ.

«Абдул-Хьэлим спортсмен къудейкъым, - жиIащ районым и Iэтащхьэм. - Абы куэд- рэ цIыхухэр къыщыгъэлащ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ. Абдул-Хьэлим Урысейм и МЧС-м и къегъэлакIуэ IэнатIэу Iуащхьэмахуэ щыIэм илъэс 25-кIэ щылэжьащ икIи дунейпсо класс зиIэ къегъэлакIуэ цIэр абы къыщихьащ. Ольмезов Абдул-Хьэлим цIыхухэр къегъэлныныпыщIаIуэхуэзэмылIэжьыгъуэу 500-м щIигъуэм хэтащ, Iуащхьэмахуэ и щыгум 220-рэ дэкIащ, апхуэдэу ар нэсащ Кавказым и нэгъуэщI щIыпIэхэм, Алтаим, Гималайхэм, Африкэм щыIэ бгыхэм я щыгухэм».

Езы Абдул-Хьэлим зэIущIэм щыжиIащ иужьрей и екъулIэныгъэр езыр щалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэми зэрахуигъэпсар.

**ТАРИМ Алисэ,**
*Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапlэм и унафэщI.*

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр зэрекIуэкIыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэлIейкIэ 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

# Нэхъ гъунэгъу зэхуохъу

● Зэпыщlэныгъэхэр

**КЪБР-м и Дзэлыкъуэ, Шэрэдж районхэм 2017-2020 гъэхэм зэрызэдзэлажьэнум и программэм lэ традзащ. Мы lуэхур щекlуэкlар Дзэлыкъуэкъуажэщ.**

НЭХЪАПЭМ зэгурыlуат щlыналъитlым я муниципальнэ зэпыщlэныгъэхэм зрагъбгъуну. А жэрдэмыр кьыхэзылъхьар Дзэлыкъуэ районым и щlыпlэ администрацэм и lэтащхьэ Джатэ Руслант. Кьыхэгъащхьэхукlын хуейщ ар шэрэдж лъэныкъуэми гуапэу зэрыдиныгъар. Зи гугъу тщlы зэгурыlуэныгъэм мы гъэм и мазаем lэ щытрадзащ Къащкъэтау жылагъуэм. Иджы, накъыгъэм и 20-м, ар щlагъэбыдащ «Зыужьныныгъэм и программэкlэ». Дэфэрым щыгъэуващ егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, щlалэгъуалэ политикэм, узынщагъэр хъумэным, туризмэм, экономикэм, цlыхубэ хьыбарегъащlэ lэнатlэхэм ехьэлlа lэуху куэд. Апхуэдэу нэхъ быдзу зызэпащlэнущ политикlым я унафэщlхэми.

Шэрэдж районым и делегацэр щагъэблагъащ Дзэлыкъуэ, Бахъсэн щыналъэхэм я гъунапкъэм. Районым и администрацэм и lэтащхьэ Муртазов Борисрэ самоуправленэмкlэ район Советым и унафэщlым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ Казиев Анатолийрэ зи пашэ хьащlэхэм япэщlыкlэ ирагъэлъэгъащ Малкэ шы завод цlэрыlуэр, Приречнэ къуажэм щыlэр.

Иужькlэ Совхознэ къуажэм дэт Свято-Троицкэ цlыхубз къупльшрыфым зыщрагъэпльхьащ.

Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и lэтащхьэ Джатэ Руслан и лэжьакlуэхэр и гъусэу хьащlыущащ Дзэлыкъуэкъуажэ и утыку нэхъыщхьэм. Хэку зауэшхэм хэкlуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа иужькlэ, зэлущlэм хэтхэр район администрацэм и унэм кьыщыпсэлъащ. Администрацэм и lэтащхьэм и къуэдзэ Дахьэушокъуэ Исмэхьил къахуеблэгъахэр щыгъуазэ ищlащ Дзэлыкъуэ районым и тхыдэм.

Иужькlэ псалъэ ираташ Муртазов Борис. Ар хэгъэрейкэм ехьэхъуащ гъащlэм и сыт хуэдэ lэнатlэми ехьэлlэныгъэхэр щаlэну, апхуэдэу кьыхигъэщхьэхуklащ Шэрэдж районым щыщыlэжьа зэманым Джатэ Руслан абы лъэужьыфl кьыхэрщигъэнар.

Лъэныкъуэхэр фэеплъ тыгъэхэмкlэ зэхъуэжащ: хьэщlэхэм бысымхэм ираташ цым кьыхэщlыкlа хьэпшып дахэ. Шэрэдж районым икlахэм кьапэпльэрт нэгъуэщl тыгъэ - ахэр ягъэгъуфlащ щlыпlэ педагогхэм ягъахьэзырауэ я еджапlэ 12-ми яльыса шахмат джэгупlэ стlол дахэхэр. Зэрыгурыlуэгъуэ, езы шахматхэр ядэщlыгъуу. Псори сэбэныщхьэ зыпылъ мы зэlущlэм щыгуфlыкlащ.

**ЩОКЪУИЙ Iминэ.**

● Накъыгъэм и 26-р Урысей хъэрычэтыщlэм и махуэщ

# Аращ ди гъащlэр зыузэщlыр

**Ди къэралым сыт щыгъуи щыlащ хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэр. Ауэ, ар абы и тхыдэм кьыщыхьхьар «Щхьэзакъуэ лэжьыгъэм и lуэхукlэ» СССР-м и Законыр кьыщащта 1986 гъэрщ. А хабзэр щlагъэбыдащ 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м «lуэхущlапlэхэмрэ хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэмрэ я lуэхукlэ» къыдагъэкlа законымкlэ.**

АРЩХЬЭКlЭ Хьэрычэтыщlэм (хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэм) и махуэр щагъэувар 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 18-рщ. Абы лъандэрэ УФ-м и Президентым и Указкlэ ар накъыгъэм и 26-м ягъэлъапlэ.

Хьэрычэтыщlэхэр зэи щыскъым я lэхэр зэтедзауэ. Ахэр сыт щыгъуи я lэнатlэхэм пэрытщ. Жылпlэ хъунущ а цlыху емызэшхэм экономикэ зыужьныныгъэр ягъэкlуатэу. Ахэр жэрдэм зыхэлъ lэщlагъэлl гуащlафlэхэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым а гуфlэгъуэр щагъэлъэпlэнущ хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэм хэт цlыху мин 40-м нэблагъэм. А бжыгъэм хагъэхъуэфынущ хуэдэ зыбжанкlэ - хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэ мащlэмрэ курытымрэ ди цlыхухэм я нэхъыбэр lэнатlэкlэ кьызэрагъэпэщ.

Иужь зэманым ди къэралым куэд щызэфlагъэкl хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэ мащlэм зыщрагъэужьын, ар щыдаlыгъын я лъэныкъуэкlэ.

2030 гъэм нэсыху УФ-м хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэ мащlэмрэ курытымрэ зэрызрагъэужьыну щlыкlэм теухуа программэ кьызэращтэрэ куэд щlакъым. Мы lуэхум хэгъэзэа нэгъуэщl унафэхэри щыlэщ.

Хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэм пэрытхэр кьызэрапщытэ хабзэхэр нэхъ зэlубз ящlащ. Налог зэрырагъахъэ щыкlэхэр егъэщlабащ. Кlэщlу ежьlэпмэ, мы lэнатlэм и ухуэкlэр егъэфlэкlуэныем теухуа лэжьыгъэшхэр ягъэзэщlащ.

Псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ ди деж щыхуащl республикэм и экономикэм инвестицэхэр къешэлlэныем теухуа Iмалмхэр нэхъыбэу кьыщыхэзlухьныем. Абы и lэныкъуэкlэ куэд зэфlагъэкl.

А псоми хыболъагъуэ Урысейм и экономикэм зиужьын пащхьэ хьэрычэт лэжьыгъэ мащlэмрэ курытымрэ зегъэубгъуным иlэ мыхьэнэр. Арщхьэкlэ хьэрычэтыщlэ lэнатlэм пэрытхэр зыльъахъэ льэпощхьэпохэр индыри ди республикэм щымащlэкъым. Дэ кьызэрытlыкlэтэмкlэ, ахэр ехьэлlащ къэралым кьуэтlыпщ мылькур захуагъэ хэльу зэрытрамыгуашэм, сатум и хабзэхэр кьызэрызэрапэудым, нэгъуэщlхэми.

Хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэм хэтхэм я хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудым кьыхэкlыу куэдрэ зыхуагъэзэн хуей мэхъу властым и органхэм, КъБР-м и прокуратурэм. Ахэр ди гъусэу 2016 гъэмрэ мы илъэсым и япэ мазищымрэ дэ дыхэплъащ тхыгъэкlэ кьата тхъэусыхафэу 50-м. Абыхэм ящыщу 32-м я сэбэп зыхэлъхэр зэфlэдгъэувэжащ. Апхуэдэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ зи гугъу тщlыхэм я хуитыныгъэхэр кьыщыхэзlапамыудаи кьызэрыхъур. Тхуэзфlэкlахэр мащlэу кьыщlэкlынщ, арщхьэкlэ кьыдэхъулlахэр щыхьэт тохьэ дызыпэрыт lуэхум и мыхьэнэм зэрызиlэтыр.

Тхьэусыхафэхэм дахэплъэныр ди лэжьыгъэм щыщ зы lыхъэ закъуэщ. Дэ ди кьалэныр хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэм пэрыт псоми я хуитыныгъэхэр кьызэпедмыгъэудыныщ.

Мы зэманым ди гулъытэ нэхъыщхьэр хуэгъэзащ зьхэпшыпхэм уасэ зэрырат картэхэр кьагъэсэбэпкlэ-рэ кlэлъыплъыныгъэ-кассэ техникэ Iэмэпсымэр зэрагъэлэжьэнум теухуа федеральнэ законыр пхыгъэкlыным.

Хьэрычэтыщlэ лэжьыгъэм и lэнатlэм иджыри щыкуэдщ зэфlагъэкlын хуей кьалъэнхэр. Абыхэм долэжь властыр, граждан жылагъуэ lэнатlэхэр ди щlэгъэкъуэну. Ди нэ ятедгъэкl хъунукъым экономикэм и зыужьныныгъэм, апхуэдэу цlыхухэм я псэукlэр егъэфlэкlуэным хуэлажьэ дэтхэнэ хьэрычэтыщlэми.

Республикэм и хьэрычэтыщlэ псоми сохъуэхъу езыхэм я lэщlагъэм и махуэшхэмкlэ. Фыщыпрэт lэнатlэм дяпэкlэ фыщекъуlэну си гуапэщ.

**АФЭЩlЫЖ Юрий,**
*КъБР-м и хьэрычэтыщlэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкlэ уполномоченнэ.*

● Налшык

# Щlыпlэр ягъэдахэ

**Налшык и «Дубки» бззэрым и Iэгъуэблагъэр ягъэщlэращlэ.**

МЫ МАХУЭ зэкlэлъыкlуэхэм бззэр дыхьэпlэм и гупэкlэ удз гъэгъа хэсапlэ дахащэ кьыщыуныхуащ.

Дизайн лэжьыгъэм нэр етхэжьу жьпlэнщ, хасахэр щыпльъагъукlэ. Ар дыхьэпlэ нэхъыщхьэм хуозз, автобус къэувыlэпlэхэм яхуэзащlэу. Гъэгъахэм кьищынэмыщlауэ, щlыпlэр ягъэбжьыфlащ сату щlапlэ инхэм я кlыхьагъкlэ екlуэкlыу хаса псей щэху щlэращlэхэм. Ахэр бетон кьэухьхэмкlэ пахукlри удзыпlэ жьлэкэр трапхьэжащи, мыгувэу псори щхьуантlэ кьэхъунущ. Иджырей дизайным сыткlи хагъэзэгъащ гъэзгу Iуфэм Iут, ильэс куэд хъуа жыгхэри. Абыхэм сэху тракlэри, жыг лъабжьэхэр ягъэкъэбзащ, удзыр кьахащ.

Автобус къэувыlэпlитlми щlадзауэ иолэжь.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Си псэр щытыншащ

● Фlыщlэ

**«Уи хэку и мывэхэри дыщэщ», - жыхуаlэрати, си адэжь лъахэм и хьэуари зэрыкъабзэм, и цlыхухэри зэрыгуапэм си гур хагъэхъуауэ, си узынщагъэри щефlэкlуауэ Германием согъэзэж.**

ХЭХЭС гъащlэр си натlэ хъуа дэтхэнэ зы адыгэми хъуэпсапlэу иlэр и адэжь хэкуращ. Сэ си насыпэ кьихьащ Налшык сыщlэ унэм щlэх-щlэхьыурэ сыкъэхlуэжурэ зыщыкlэгъэпсэхуну. Ауэ мы зы гъэзгум си узынщагъэм сэкъат иlэу кьэзгъэзэжати, ари кьыстрагъэхьэлъакъым. Налшык кьалэ дэт «Лэгъупыкъу» медицинэ lуэхущlапlэм кьыщыскlэлъыплъащ. Хэкум сызэрыщыlа тхьэмахуэ бжыгъэм сабийм хуэдэу сагъэфlаеу жьпlэ хъунущ абы и лэжьакlуэхэм. Пщэдджьыжьым си унэм машинэ къагъакlуэурэ сашэу, си lуэху зэфlэкlа нэужь, сыкъашэжу, кьыздэlэпыкъуащ.

«Лэгъупыкъум» щылажьэхэр, хэщыпыхьу кьыхахам хуэдэу, цlыху гуапэ, зэпlэзэрыт защlэхэщ. Си лъэр щlагъэкlащ, си щхьэр лъагэу сагъэлъагъужащ, си псэр ягъэхуэбащ. Фlыщlэ яхуэсщlыну сыхуейщ «Лэгъупыкъу» центрым и унафэщlхэми, абы и лэжьакlуэ дэтхэнэ зыми. Гуп узынщlэу, кьызыхуэтыншэу куэдрэ Тхьэм зэдигъэлажьэ. Фlыкlэ Тхьэм дызэхуигъазэ, си хэкуэгъу лъапlэхэ!

**ХЬЭЩlЭЦlЫКlУ Аднан.**
*Германие*

● Юбилей

# Куба къуажэм и махуэшхуэ

**Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм щыпсэухэм ягъэлъэпlащ я жылэр къызэрыунэхуэрэ илъэс 275-рэ зэрырикъур.**

КЪУАЖЭМ и тхыдэр 18-нэ лlэщlыгъуэм икуэн - 19-нэм и пэщlэдзэхэм кьыщожьэ. Абы щыхьэт текъуэ тхыгъэ щхьэхуэ щыlэжьым, ауэ, зэрыхуагъэфащэмкlэ, ар къэунэхуащ 1742 гъэм.

Зэман жыжьым узэlэбэкlыжмэ, Куба къуажэр Iыхьитlу гуэщауэ щытащ: къуажапщэр - Агубэчейуэ, къуажэкlэр - Хьэтlохъущыкъуейуэ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым къуажэм и къуэ пажэхэу 512-рэ фронтым Iухьащ. Абыхэм ящыщу къэзыгъэзэжар цlыху 365-рщ. Текlуэныгъэм зи гъащlэр щlэзытахэм хуагъэуващ фэеплъ сынхэмрэ фэеплъ пхъэбгъуэр.

Мы зэманым къуажэм зиужьащ, абы цlыху 5150-рэ щопсэу.

Щэнхабзэмкlэ унэм жылэдэсхэм я мызакъуэу, республикэм и щlыналъэ псоми кьикlа хьэщlэ 500-м щlигъу щызэхуэсат. Махуэшхуэр кьызэрыиащ Куба къуажэ администрацэм и унафэщl **Машэжь Замир**. Псалъэ гуапэ, хъуэхъу дахэ куэд жаIащ а махуэм.

- Жылэм и къэкlуэнур зыхуэдэнур абы и щlэблэм куэдкlэ елъытащ, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм КъБР-м и lэтащхьэм и Администрацэм и унафэщlым и къуэдзэ - КъБР-м и lэтащхьэм и Администрацэм щlыпlэ самоуправленэм и lуэхущlэмкlэ и унафэщlым **Сарбашевэ Светланэ**.- Фыкъэрыгушхуэ хъун нэхъыжьыфlхэр мымащlэу фи къуажэм къыдэкlащ. Ахэр щапхъэфхуэхъуу, лъэпкъ хабзэр зыщlывмыгъэгъупщэу, фи хэку цlыкlум фlыльъагъуныгъэ хувиIэу фэри къуажэм и зыужьныныгъэм фи гуащlэ хэфлъхьэну дыфщогугъ.

- Куба къуажэр зэфlэувэным, абы зиужьным зи гуащlэ хэзылъхьа цlыхухэм я дежкlэ нобэрей махуэр лъапlэщ, - жиlащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Пащты Борис**. - Жылэ махуэ фыхъуну, сфефlэкlуэну, къуажэм и тхыдэ гъуэзэджэм зи цlэр фlыкlэ кьыхэзыгъэнщlэблэ фиlэну сынывохъуэхъу.

Апхуэдэу псалъэ гуапэхэмкlэ кьызэхуэсахэм захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэралкlуэщl политикэмкlэ и къудамэм и унафэщl **Къуэжей Артём**, Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащlэ **Къанэмэт Рустам**, район Советым и депутатхэм, нэгъуэщlхэми.

Къуажэм и зыужьныныгъэм зи гуащlэ хэзылъхьэ жылэдэсхэм министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, район администрацэм я щlыхь, фlыщlэ тхылъхэр ираташ.

А махуэхэм къуажэм и гербымрэ и ныпымрэ ялъэ утыку кьрахащ. Апхуэдэу «Пьапlэныгъэмрэ лэжьыгъэ щlыхьымрэ я аллее» кьызэlуахащ, жылэм и зиужьныныгъэм зи гуащlэ хэзылъхьахэм я цlэхэр тету кьуапий зиlэ вагъуэхэр лъэс лъагъуэм храгъэубыдащ.

Щэнхабзэмкlэ унэм и утым и дежкlэ лъэпкъ 30-м щигъум я адыгэ пщlантlэхэр кьыщызэlуахат. Абыхэм щагъэлъапъэрт унагъуэхэм яхьымэ пасэрей хьэпшыпхэр, я Iэнэхэр лъэпкъ шхыныныгъэкlэ яуэздати, хьэщlэхэр гуапэу ирагъэблагъэрт.

- Куба къуажэм и цlыхухэм яхэлъ хьэл нэхъыбфlхэм ящыщщ кьызыхэкlар ящымыгъупщэу, нэхъыжьхэм пщlэ хуащlу, ижькlэрэ кьадекlуэкl хабзэ дахэхэр яхьумэу зэрыщытыр, - жиlащ махуэшхуэм и кьызэгъэпэщакlуэ, Куба дэт курыт школ №2-м и унафэщl **Къанэмэт Индирэ**.

Махуэшхуэм хэтахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и артистхэм.

**УЛЫМБАЩ Лерэ.**

# Лыхъужьыгъэм и дерс

● Зэlущlэхэр

**Республикэм и курыт еджапlэхэм лlыхъужьыгъэм и дерсхэр щрагъэкlуэкlащ. А lуэху щхьэпэм хыхьэу, Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и управленэм КъБР-м щиlэ къудамэм и лэжьакlуэхэр яlущlащ Налшык кьалэм и курыт еджапlэ №10-м и еджакlуэхэм.**

УПРАВЛЕНЭМ и лэжьакlуэхэм ныбжьыщlэхэр хагъэгъуэзащ я кьалэнхэмрэ пщэрылъхэмрэ. Полицэм и подполковник **Гореловэ Наталье** жиlащ 1993 гъэм къэунэхуа я lуэхущlапlэм кьулыкъу щызыщlэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм хабзэр кьызэрыщызэпрамыгъэудыным ежьэлlа lуэхугъэхэм жьыджэру зэрыхэтыр. Къэпсэлъам кьыхигъэщащ щlэблэр хэку лъагъуныгъэм хуагъэушын, я лъахэм хуэпэжу, абы и кьыщхьэщыжакlуэу кьагъэхъуныр я кьалэнхэм зэрыхьыхьэр.

Гореловэ Наталье ськlеутеныlащ Хэку зауэшхуэм и зэманым ди республикэм кьыщыхъуахэм. Апхуэдэ, КъБКъУ-м лагъым щlэзылъхьэу кьэзыгъэуэну хэта нэмыща зэрыпхъуакlуэхэм я мурад бзаджэр кьезымыгъэхъулlа кьалдэс еджакlуэхэм зэрахьа лlыгъэм теухуа хьыбарыр.

- Ди lуэхущlапlэр кьызэрыунэхурэ зи кьулыкъым пэрыт цlыху 11 хэкlуэдащ, 14 уlэгъэ хъуащ. Зи кьалэн зыгъэзащlэу яукла цlыхуи 6-м Лlыхъужьныгъэм и орденыр хуагъэфэщащ. Лlыгъэрэ хахуагъэрэ зезыхьа ди лэжьэгъуэхэр зыщыдгъэгъупщэркъым. Абыхэм я фэеплъ ди lуэхущlапlэм и lэгъуэблагъэм кьыщызэдгъэпэщащ, я цlэунэцlэхэр тету, - жиlащ полицым и майор **Полевик Евгений**.

Ныбжьыщlэхэм щапхъэу кьыхуахьащ полицэм и подполковник, я lуэхущlапlэм кьулыкъу щызыщlэу лlыгъэрэ хахуагъэрэ зезыхьа я лэжьэгъу Кьалмыкъ Руслан и гъащlэр. Ар и кьалэнхэм зэрыхуэпэжыр кьалъытэри, Урысей МВД-м КъБР-м щиlэ къудамэм и унафэщlхэм зыбжанэрэ ягъэлъапlащ. 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык кьалэм бзаджащlэхэр кьыщытеуам, фэбжь зыгъуэта и ныбжьэгъум щыдэlэпыкъум, игъуэта уlэгъэм Кьалмыкъыр кьалъхьым. Зи кьупыкъум хуэпэж щlалэм кьиигъэльэгъуа хахуагъэр куэдым щапхъэ яхуэхъуащ. Кьалмыкъ Руслан Лlыхъужьныгъэм и орден хуагъэфэщащ. Абы и lэгъэрехьэ щыпсэуя Бахъсэн кьалэм и уэрамхэм ящыщ зым, щеджа Бахъсэн кьалэм и курыт еджапlэ №93-м.

Зауэлl фащэхэр зыщыгъ еджакlуэхэр тепсэльыхьащ Хэку зауэшхуэм хэта я адэшхуэ-анэшхуэхэм я адэ-анэхэм, я Iыхьлыжм зэрахьа лlыгъэмрэ хахуагъэмрэ абыхэм я гъащlэр зыхуэдам, я фэеплъхэм удз гъэгъахэр зэрыгралъхьэм. Я курыт еджапlэм и тхыдэм зэрыщыгъуазэр кьагъэльэгъуэу кьыхахэщащ Хэку зауэшхуэм и зэманым ар сэлэтхэм я сымаджэщу зэрыщытар.

Тхыдэкlэ гъэнщlа дерс щlэщыгъуэр и кlэм щынэблагъэм, ныбжьыщlэхэм хьэщlэхэм саугъэтхэр ираташ икlи зэгъуэзу сурэт зытрагъэхащ. Управленэм и лэжьакlуэхэм еджакlуэхэр я lэхуащlапlэм ирагъэблагъащ, я лэжьыгъэхэм хагъэгъуэзэну, зыщрагъэпльыхьыну. Апхуэдэу ахэр кьагъэгугъащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм Iуагъэщlэну, зауэм теухуа я гукъэкlыжхэм щlэблэр ирагъэдэlуэну.

**ТЕКlУЖЬ Заретэ.**